



Pou Piblikasyon Imedya: 22/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJILASYON POU LOJMAN

*Lejislasyon S.69/A.297 gen ladan dispozisyon konsènan jiridiksyon ti reklamasyon kote demandè a se yon lokatè oswa li se yon lokatè byen imobilye ke defandè a posede ki sitye nan kèk limit*

*Lejislasyon S.290/A.113 egzonere enterè yon debitè nan kontra lwaye estabilize li kont pwosedi fayit yo*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislasyon ki gen rapò ak lojman. Lejislasyon (S.69/A.297) gen ladan dispozisyon konsènan jiridiksyon ti reklamasyon kote demandè a se yon lokatè oswa li se yon lokatè byen imobilye ke defandè a posede ki sitye nan kèk limit. Lejislasyon (S.290/A.113) egzonere enterè yon debitè nan kontra lwaye estabilize li kont pwosedi fayit yo.

"Nou ap franchi etap nan direksyon pou asire ke moun ki ka reyalize yo nan sitiyasyon difisil, pou yo pa bezwen pè pèdi kay yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Ogmante ak solidifye dwa lokatè yo pote lapè nan tèt moun ki lwe kay yo. Mwen fyè pou mwen siyen pwojè lwa sa yo an lwa paske chak Nouyòkè merite diyite pou yo gen yon twati sou tèt yo."

Lejislasyon S.69/A.297 pèmèt lokatè rezidansyèl yo gen aksè san patipri ak tribinal pou ti reklamasyon yo lè yo kite yo mennen devan tribinal ti reklamasyon yo ki nan zòn inite lokasyon an ye. Anvan sa, lalwa te mete yon fado enjis sou do lokatè a an tèm restitusyon depo garanti oswa lòt reklamasyon yo, ki te egzije pou lokatè yo fè yon reklamasyon nan jiridiksyon kote biznis mèt kay la sitiye a.

**Senatè Brad Hoylman te deklare**, "Move pwopriyetè yo atansyon: New York deja franchi yon lòt etap pou pwoteje lokatè yo. Avèk sinyati (S.69/A.297) jodi a, nou deja elimine yon fado enjis nan lwa a ki te fè li difisil pou lokatè yo mennen pwopriyetè yo nan tribinal si mèt kay la te rete nan yon konte ki diferan pa rapò ak lokatè a oswa andeyò eta a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Lidè Majorite a Stewart-Cousins, Manm Asanble Gottfried ak kòlèg mwen yo nan tou de chanm yo pou sipò yo pou lejislasyon sa a ak respè pou dwa lokatè yo."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare**, "Tribinal Ti Reklamasyon yo kapab yon resous enpòtan pou lokatè yo chache reparasyon nan diskisyon ak yon mèt

kay san depans ak difikilte pou yo pase nan yon pwosesis jidisyè siperyè pwolonje. Pa egzanp, yon mèt kay ki pa bay chofaj oswa reparasyon ka vyole kontra lwave a ak dwe konpansasyon. Men, si biwo mèt kay la nan yon lòt konte, lokatè a pa te kapab mennen li devan Tribunal Ti Reklamasyon yo. Lwa sa a pral kite lokatè mennen yo devan tribunal nan konte oswa vil kote pwopriyete a ye a. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li konprann ke pwopriyetè yo pa ta dwe kapab evite responsabilite yo anvè lokatè yo tou senpleman paske kay yo oswa biwo yo byen Iwen."

Lejislasyon S.290/A.113 pwoteje debitè k ap fè fas ak fayit lè yo ba yo egzonerasyon nan enterè yo nan kontra lwave estabilize yo.

**Deklarasyon Senatè Zellnor Myrie.** "Nouyòkè k ap fè fas ak fayit yo deja nan yon sitiyasyon difisil; k ap menase kontra lwave yo nan lojman lwave estabilize tou senpleman ajoute gaz sou dife a. Lè li pase lwa sa a, New York ap pran yon angajman pou kominote ki pi estab pandan n ap sòti anba ensètitid ekonomik de dènye ane ki sot pase yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Manm Asamble a Perry paske yo adopte pwojè lwa enpòtan sa a."

**Manm Asamble Nick Perry te deklare,** "Pandan eta nou an ap rebati apre pandemi sa a, nou dwe pwoteje Nouyòkè ki vilnerab ki deja soufri pi plis yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa mwen an, A.113 an lwa, ki pral pwoteje, ak bay kèk soulajman pou moun yo ak fanmi sa yo ki ap pase moman difisil, epi yo pral kenbe yo nan kay yo lè yo egzonere enterè yo nan apatman lwave estabilize kont pwosedi fayit yo. Si Nouyòkè yo ap travèse moman finansye ki difisil, yo ka asire yo ke yo p ap rete sanzabri si yo chache yon rekòmanse finansye epi itilize pwosesis fayit la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)